Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

PANDAN MWA AKSYON KONT LAFEN AN, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 500 MILYON DOLA DEDYE POU OGMANTE AKSÈ AK MANJE AK SOUTNI KILIVATÈ NOUYÒK YO PANDAN SENK DÈNYE ANE YO

Depi 2020, yo devlope 19 pwogram ak inisyativ diferan pou adrese pwoblèm ensekirite alimantè, ranfòse chèn apwovizyònman alimantè a, epi sipòte kiltivatè Nouyòk yo

Moniman Eta a pral limen an oranj pou rekonèt Jounen Aksyon kont Lafen an, jodi a, 9 septanm 2025 la

Bank alimantè Nouyòk yo òganize kanpay koleksyon, distribisyon manje ak plis ankò, pou ankouraje Nouyòkè yo patisipe

Gouvènè a kontinye goumen apre aksyon federal yo ki lakòz rediksyon nan pwogram aksè ak manje yo

Bati sou aksyon pou bay 2.7 milyon elèv nan Nouyòk dejene ak dine gratis, sa ap fè fanmi yo ekonomize 165 dola sou repa pou chak timoun chak mwa

Pou rekonèt Mwa Aksyon kont Lafen an (Hunger Action Month), Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke, depi 2020, Nouyòk te dedye plis pase 500 milyon dola pou pwojè ki pral ogmante aksè ak manje fre ak lokal pou Nouyòkè ki nan bezwen epi bay nouvo mache pou kiltivatè Nouyòk yo. Moniman eta yo pral limen an oranj jodi a, nan Jounen Aksyon Kont Lafen an (Hunger Action Day), pou sansibilize moun sou pwoblèm enpòtan sa a epi pou mete aksan sou angajman kontinyèl Nouyòk pou konbat lafen nan kominote nou yo. Anplis de sa, Gouvènè a te mete aksan tou sou aksyon k ap fèt atravè Eta Nouyòk pou rekonèt Mwa Aksyon kont Lafen an epi li te ankouraje Nouyòkè yo pou yo patisipe nan batay kont lafen an.

"Nouyòkè yo mete tèt ansanm pandan moman ki pi difisil yo, tankou pandan pandemi COVID-19 la, pou ede vwazen yo ki nan bezwen epi sipòte kiltivatè nou yo ki kontinye ban nou manje", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan eta nou an t ap kòmanse sòti nan kriz sante a, mwen te pwomèt pou m priyorize envestisman nan pwogram aksè ak manje nou yo pou ede fanmi Nouyòk ki gen difikilte pou mete manje sou tab yo. Avèk plis pase 500 milyon dola envesti depi premye jou sa yo, mwen fyè de sa nou te kapab

akonpli, rive jwenn moun ki nan bezwen tout pandan n ap bay kiltivatè nou yo yon bourad. Nouyòkè yo toujou bay yon koutmen nan moman bezwen, epi mwen ankouraje tout moun pou patisipe nan bank alimantè lokal yo nan Mwa Aksyon kont Lafen sa a."

Ogmante aksè ak manje epi sipòte kiltivatè Nouyòk yo
Gouvènè a kontinye priyorize ogmantasyon aksè ak manje pou tout Nouyòkè yo, avèk Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) yo k ap aplike yon seri pwogram pou konstwi yon sistèm alimantè ki pi rezistan epi asire ke kiltivatè yo ka konekte ak nouvo mache lokal yo.

Pandan senk dènye ane yo, gen apeprè 500 milyon dola finansman eta ak federal ki konsakre pou bank alimantè, fèm, lekòl, ak òganizasyon ak biznis alimantè yo nan chak pwen nan chèn apwovizyònman an, atravè pwogram Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk la, pou ranfòse sistèm alimantè a epi pote vyann, ze, pwodui letye, pwodui lokal ak plis ankò bay fanmi ki nan bezwen yo. Yo te angaje finansman an atravè 19 pwogram ak inisyativ diferan ki te kreye pou diminye lafen, ranfòse chèn apwovizyònman pou manje lokal la epi sipòte endistri agrikòl eta a. Gran pwen yo enkli:

- **Pwogram FreshConnect ak Pwogram FreshConnect Fresh2You**, ki kounye a double pouvwa acha pou benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) nan mache fèmye atravè Eta Nouyòk. Inisyativ la bay Nouyòkè ki elijib yo yon kontrepati dola pou dola jiska 50 dola pa jou nan mache kiltivatè k ap patisipe yo, sa ki pèmèt fanmi ki bezwen yo achte plis manje ki bon pou sante, tankou pwodui fre, pwodui letye, ze ak vyann.
- **Pwogram Nitrisyon Mache Pwodikè (Farmers' Market Nutrition Program, FMNP)** fè pwomosyon pwodiktè lokal yo nan elaji lavant yo nan mache fèmye yo ak nan stand agrikòl yo epi ankouraje kominote ki an sante yo atravè konsomasyon manje lokal yo. Konsomatè ki elijib yo resevwa koupon pou yo itilize pou fwi ak legim fre nan plis pase 700 mache, ki gen ladan mache kiltivatè yo, kyòsk agrikòl yo, ak estasyon mache mobil k ap patisipe nan FMNP, ki bay kominote Nouyòk yo manje lokal ki bon pou sante.
- **Pwogram Sibvansyon Agrandisman Aksè ak Manje** a bay 10 milyon dola pou ede ogmante aksè ak manje pou Nouyòkè k ap viv nan zòn ki pa gen boutik epi ki pa gen opsyon pou manje ki an sante ak bon mache. Li bay finansman enfrastrikti pou sipòte devlopman ak ekspansyon makèt, koperativ manje, kyòsk agrikòl pèmanan, ak lòt magazen manje an detay nan rejyon defavorize nan eta a pandan yo ap ogmante mache pou kiltivatè Nouyòk yo. Semèn pase a, Eta a te selebre prim Pwogram Sibvansyon Ekspansyon Aksè ak Manje (Food Access Expansion Grant Program) 10 milyon dola a ak lansman Mwa Aksyon kont Lafen an avèk yon vizit nan Konsèy Legliz Konte Broome pou jwenn yon apèsi sou pwogrè li sou yon pwojè ki finanse an pati atravè pwogram nan.
- **Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti Sistèm Alimantè Rezistan (Resilient Food Systems Infrastructure Grant Program)** an te ofri finansman atravè de opòtinite sibvansyon — Sibvansyon pou Enfrastrikti (Infrastructure Grants) ak Sibvansyon pou Ekipman Sèlman (Equipment-Only Grants) — pou bay asistans

kapital ak teknik bay kiltivatè yo ak biznis alimantè k ap opere nan mitan chèn apwovizyònman. Nan mwa jen, Gouvènè Hochul te anonse 13.7 milyon dola nan finansman pou 19 pwojè nan tout eta a atravè pwogram nan, pou ede amelyore kowòdinasyon nan tout sistèm alimantè a epi amelyore aksè kiltivatè yo ak mache yo.

- **Yo te kreye Pwogram Sibvansyon pou Enfrastrikti, Teknoloji, Rechèch ak Devlopman Kiltive ak Sètifye nan Eta Nouyòk (New York State Grown & Certified Infrastructure, Technology, Research, and Development, NYS G&C ITRD)** pou ranfòse biznis ki pwodui, trete oswa distribye pwodui alimantè oswa bwason Kiltive epi Sètifye Eta NY (NYS Grown & Certified). Resaman, yo te bay 8.5 milyon dola bay 69 fèm, konpayi ki trete manje, ak distribitè atravè Eta a atravè pwogram nan.
- **Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti Manje Lekòl Rejyonal la (Regional School Food Infrastructure Grant Program)** ki bay 50 milyon dola sou senk ane pou sipòte enstalasyon kwit manje rejyonal yo ki pral fasilite itilizasyon pwodui agrikòl fre Eta Nouyòk nan preparasyon repa pou timoun lekòl Kindègadenn rive 12è. An me, yo te bay pwojè nan Long Island ak Nouyòk Santral yo 5 milyon dola chak pou amelyore preparasyon ak distribisyon repa pou elèv kindègadenn jiska klas 12è ane ki itilize pwodui agrikòl lokal yo atravè dezyèm faz finansman. Sa a bati sou Pwogram Sibvansyon Fèm pou Lekòl la, ki kontinye sipòte inisyativ acha manje lokal pou lekòl lokal yo.
- **Pwogram Manje pou Fanmi Nouyòk la (New York Food for New York Families Program)**, finanse atravè yon sibvansyon Depatman Agrikilti Etazini (United States Department of Agriculture) bay Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk la, te bay prèske 50 milyon dola pou patnè bank alimantè yo ak òganizasyon sèvis alimantè yo pou aplike pwojè ki achte pwodwi manje Nouyòk yo epi distribye yo nan kominote defavorize yo. Li bay asistans teknik tou pou ede kiltivatè yo vann nan pwogram Manje Nouyòk pou Fanmi Nouyòk la. Yo anile lòt faz pwogram sa a nan lavni kòm yon pati nan aksyon administrasyon federal la ki vize epi redwi pwogram aksè a manje yo.

Anplis de sa, **inisyativ Nourish New York** la, ki finanse atravè Depatman Sante Eta Nouyòk (New York State Department of Health) la epi ki administre ansanm ak Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk la, re-achemine sipli pwodui agrikòl Nouyòk yo pou popilasyon ki pi bezwen yo atravè rezo alimantè ijans eta a. Pwogram nan, ki te lanse nan mwa me 2020 kòm yon pwogram sekou ijans pandan pandemi COVID-19 la, bay tou sipò ki nesesè pou pwodiktè manje ak fèmye yo ki te pèdi mache akòz pandemi an nan pèmèt acha pwodwi agrikòl dirèkteman nan men kiltivatè ak transfòmatè aliman Nouyòk yo. An Novanm 2021, Gouvènè Hochul te siyen lwa ki kodifye pwogram Nourish New York pou tout tan nan lwa eta a.

Delege Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk la, Richard A. Ball te deklare, "Mwa Aksyon Kont Lafen an toujou ofri nou opòtinite pou nou reflechi sou, sansibilize moun sou, epi aji pou konbat ensekirite alimantè nan kominote nou yo epi goumen pou tout moun gen plis aksè ak manje. Asire ke chak Nouyòkè gen manje fre ki an sante nan asyèt yo te toujou yon pi gwo priyorite pou Depatman an, e sa kòmanse ak konekte

pwen yo ant kiltivatè nou yo, fanmi nou yo k ap fè fas ak ensekirite alimantè kontinyèl, ak gwo rezo bank alimantè ak gadmanje nou yo ki travay di pou mete manje sou tab yo nan tout eta a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak tout patnè nou yo atravè eta a paske yo kontinye sipòte pwogram desizif ak bon sans sa yo, epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo bay vwazen yo yon koutmen mwa sa a, ak pandan tout ane a."

Komisè Depatman Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare, "Bon nitrisyon se fondasyon sante an jeneral, li bay timoun yo yon bon kòmansman nan lavi epi li anpeche maladi kwonik lakay granmoun. Sekirite alimantè se yon detèminan sosyal enpòtan tou pou sante. Li enpòtan anpil pou ansanm, anba lidèchip Gouvènè Hochul epi avèk kolaborasyon patnè eta ak lokal nou yo, nou kontinye fè envestisman enpòtan sa yo nan pwogram aksè ak manje nou yo pou asire Nouyòkè yo gen opsyon manje ki bon pou sante yo kapab peye."

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl Nouyòk (New York Farm Bureau), te deklare, "Kiltivatè yo jwe yon wòl esansyèl nan transfòme ensekirite alimantè an sekirite alimantè pou tout Nouyòkè yo. San kiltivatè yo, li pa t ap posib pou nou gen an abondans manje fre ak bon pou sante ki tèlman enpòtan pou nitrisyon nan lavi chak jou nou. Epi san pwogram vital an tèm sante, nitrisyon, ak enfrastrikti ke Gouvènè Hochul ak Depatman Agrikilti ak Mache Eta Nouyòk la ap dirije, li pa t ap posib pou rann manje nourisan sa a disponib pou moun ki pi bezwen li yo. Pandan Mwa Aksyon kont Lafen an, nou remèsye gouvènè a, Depatman Agrikilti a, epi espesyalman kiltivatè yo ki travay di chak jou pou pote manje fre bay vwazen nou yo, lekòl nou yo, ak kominote nou yo atravè Nouyòk."

Direktè Egzekitif Feeding New York State la, Kathleen Stress, te deklare, "Lè n ap pale de pwogram inovan ki sipòte kiltivatè lokal yo epi ki ranfòse aksè ak manje pou fanmi ki an difikilte yo, Nouyòk ap pran devan. Atravè pwogram tankou Nourish New York ak New York Food for New York Families, eta nou an envesti plis pase 250 milyon dola nan dènye ane yo pou ede bank alimantè yo, gadmanje, òganizasyon san bi likratif, ak lekòl lokal yo achte manje nourisan ki grandi isit la menm nan Empire State la. Asosyasyon nou an bat bravo pou lidèchip eta a paske li konbat lafen an ak règleman ki sipòte fèm nan Nouyòk tou."

Gen lòt ajans eta k ap dirije lòt pwogram tou pou pote manje nan kominote ki pa jwenn ase sèvis. Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta Nouyòk (New York State Department of Environmental Conservation) la administre Pwogram Donasyon Manje ak Resiklaj Rès Manje Eta Nouyòk la (New York State Food Donation and Food Scraps Recycling Program), ki ede òganizasyon san bi likratif ki bay èd alimantè ijans nan Eta Nouyòk ak minisipalite k ap chèche kòmanse oswa elaji pwogram ak enstalasyon resiklaj rès manje ki deja egziste yo.

Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Temporary and Disability Assistance, OTDA) la sipèvize Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) la nan Eta Nouyòk, ki bay benefis manje pou ede 2.9 milyon moun ki resevwa yo – pifò ladan yo se timoun, granmoun aje oswa moun andikape – pou mete

manje sou tab yo. Depatman Agrikilti ak Mache yo te travay tou pandan plizyè ane avèk OTDA sou Pwogram Sibvansyon SNAP-Education Community Growers ak Pwogram Food Box yo, ke administrasyon federal la anile kounye a pou pwochen faz finansman yo.

"Pwojè Lwa Chanpwèl" (Big Ugly Bill) ki fèk antre an vigè a pral lakòz apeprè 300,000+ kay nan Eta Nouyòk pèdi kèk oswa tout benefis SNAP yo, li pral deplase 1.4 milya dola nan nouvo depans chak ane bay gouvènman eta ak lokal yo, epi li pral agrave ensekirite alimantè a pandan l ap fè biznis lokal yo mal. Apre aksyon sa yo, Gouvènè Hochul angaje l plis pase tout tan pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a manje ki bon pou sante epi ki abòdab.

Pwogram Manje Lekòl Inivèsèl (Universal School Meals Program)
Bidjè pou ane fiskal 2026 la te gen ladan l 340 milyon dola pou manje lekòl, sa ki reprezante yon ogmantasyon 160 milyon dola de yon ane a yon lòt epi egzije distri lekòl yo, lekòl piblik endepandan, ak lekòl ki pa piblik ki patisipe nan pwogram nasyonal dejene ak dine lekòl pou bay tout elèv yo dejene ak dine gratis kèlkeswa revni fanmi yo. Inisyativ Gouvènè a sou Diskou Eta Leta a pou 2025 la diminye depans pou fanmi yo epi li asire ke pa gen okenn elèv ki mouri ak lafen nan lekòl. Dapre inisyativ sa a, Eta a pral peye pati pa elèv la nan depans pou tout repa yo sèvi pou elèv ki pa deja resevwa repa gratis, elaji kalifikasyon pou manje gratis bay prèske 280,000 elèv adisyonèl.

Moniman Eta yo Limen Oranj
Moniman eta yo pral limen an oranj madi 9 septanm nan pou rekonèt Jounen Aksyon Kont Lafen ak Mwa Aksyon Kont Lafen an. Men moniman eta yo ke yo pral limen oranj an rekonesansans ak Mwa Aksyon kont Lafen an:

- 1WTC
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon "Franklin D. Roosevelt" nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

Evènman Distribisyon Manje yo

Anplis de sa, anpil nan 10 bank alimantè rejyonal Eta Nouyòk yo, yo chak rekonèt Mwa Aksyon kont Lafen an mwa sa a, sa ki bay Nouyòkè yo yon gwo opòtinite pou patisipe sou teren an nan pwòp kominote pa yo. Aktivite planifye yo enkli yon seri distribisyon manje, kòlèk manje, ak kèk lòt evènman kominotè pou sipòte misyon souljman yo kont lafen. Men kèk egzanp:

- **Bank Alimantè Island Harvest** lanse aktivite Mwa Aksyon kont Lafen yo a sou banyè "Chak Aksyon Konte" (Every Action Counts), epi li te resevwa yon sibvansyon 50,000 dola nan men Fondasyon Lawrence pou tout don yo te resevwa pandan mwa a. Yo te asosye avèk plizyè konpayi nan tout rejyon an pou òganize kanpay koleksyon manje ak evènman kominotè pandan tout mwa a. Tout detay sou evènman an disponib sou sitwèb Bank Alimantè Island Harvest la. Moun nan Long Island ki bezwen manje an ijans ka voye yon mesaj tèks ak kòd postal yo nan 631-450-3775 pou resevwa enfòmasyon sou gadmanje ki toupre kote yo rete a.
- **City Harvest** ap òganize yon Kanpay pou Ranmase manje pandan Gran Fèt yo (High Holidays Food Drive) soti 8 septanm pou rive 13 oktòb pou ede fanmi kasher ki nan bezwen yo, ansanm ak yon evènman "Rekondisyònman Benevòl nan Semèn Klima" (Climate Week Volunteer Repack) avèk Priyanka Naik, yon chèf selebrite vejetalyen, animatris televizyon, otè, ak manm Konsèy Alimantè a. Anplis de sa, City Harvest ap fè patenarya ak plizyè biznis lokal ki te pwomèt yon pòsyon nan lajan yo ranmase a pou City Harvest pandan Mwa Aksyon Kont Lafen an. Jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb City Harvest la.
- **Feeding Westchester** ap ofri plizyè fason pou rezidan Westchester yo aji, tankou yon kanpay defi sou medya sosyal pou yo mete koulè oranj pou onore Jounen Aksyon Kont Lafen an, epi yon patenarya avèk Stop & Shop pou yon kanpay koleksyon manje anyèl kominotè. Anplis de sa, Feeding Westchester ap òganize plizyè evènman kominotè pou benefisye òganizasyon an ak lòt òganizasyon charitab, tankou *Comics for a Cause* — yon sware komedi, ak yon *Naj Lighthouse 4.8 km (*twa mil) soti Nyack pou rive Sleepy Hollow. Jwenn tout detay yo ak plis ankò nan kominike pou laprès Nouri Westchester (Feeding Westchester) la.
- **FeedMore WNY** gen plizyè evènman ki planifye ak patnè yo pou sansibilize moun sou Mwa Aksyon Kont Lafen an epi pou resevwa don, tankou kolaborasyon avèk Fondasyon Buffalo Bills ak Wegmans pou prezante Huddle for Hunger. Ane sa a, kanpay koleksyon manje kominotè anyèl la ap agrandi pou l vin tounen yon festival entèaktif nan Highmark Stadium, madi 30 septanm, soti 4:30 p.m. pou rive 6:30 p.m. nan Pakin 2. Aprann plis bagay sou plan Mwa Aksyon kont Lafen FeedMore WNY yo sou sitwèb pa yo a.
- **Food Bank of CNY** ap òganize Koleksyon Manje Kominotè avèk Syracuse Mets (Community Food Drive with the Syracuse Mets) anyèl yo, epi li ap asosye avèk Speech Family Candy Shoppe pou òganize pwogram Quarters 4 Change yo a an pou onore Mwa Aksyon Kont Lafen an, epi anplwaye yo pral patisipe nan Jounen Aksyon Kont Lafen an lè yo mete koulè oranj. Òganizasyon an ap selebre 40 ane sèvis nan kominote a ane sa a, epi li pral òganize yon Gala Yon Milyon Repa (Million Meals Gala) espesyal.

- **Food Bank of the Southern Tier (Bank Alimantè Southern Tier)** la ap òganize yon evènman espesyal pou pwogram anbalaj sakado "Leader of the Pack" kote patnè antrepriz yo ap fè konpetisyon. Y ap mennen tou yon kanpay dijital pou moun k ap chèche sipòte misyon an finansyèman.
- **Long Island Cares** ap asosye avèk NBC New York, Telemundo ak 25 magazen Stop & Shop Long Island pou yon gwo kanpay pou ranmase manje ki rele "Feeding Our Families" (Nouri Fanmi Nou yo) pou kolekte manje ki pa gate fasil epi nourisan samdi 13 septanm lan. Anplis de sa, yo bay yon lis manje yo prefere pou ede kliyan k ap vini achete yo ak don yo. Yon fwa yo fin ranmase manje yo, y ap redistribye yo nan gadmanje ki te okipe aktivite tout jounen an. Aprann plis bagay sou plan Mwa Aksyon kont Lafen Long Island Cares yo sou sitwèb yo a.
- **Bank Alimantè Rejyonal nan Nòdès Nouyòk** (**Regional Food Bank of Northeastern New York)** lanse yon "Defi Aksyon Kont Lafen" pou kominote yo, pou ankouraje biwo gouvènman yo, moun ak patnè antrepriz yo pou yo aji lè yo òganize koleksyon manje, fè don, oswa fè volontarya nan youn nan Sant Distribisyon nou yo nan Konte Albany oswa Konte Orange oubyen nan Patroon Land Farm, ki kiltive pwodui pou Bank Alimantè Rejyonal la. Anplis de sa, yo te mete ansanm yon Kalandriye "30 Fason pou Aji nan 30 Jou" (30 Ways in 30 Days), ki prezante fason pou aji pandan chak jou nan mwa a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou aktivite Mwa Aksyon kont Lafen Bank Alimantè Rejyonal la sou sitwèb yo a. Ou ka jwenn evènman distribisyon manje k ap vini yo isit la.
- **Foodlink** ap ofri plizyè fason pou manm kominote a ka bay an retou, tankou ankouraje moun pou yo mete koulè oranj pou sipòte misyon òganizasyon an epi pou yo ranmase lajan pou Kanpay Aksyon Kont Lafen (Hunger Action Campaign) ane sa a. Anplis de sa, komite defans dwa yo a ap ogmante efò pou edike kominote a sou rediksyon SNAP yo pou bay moun ki gen plis chans pou yo afekte yo dènye konsèy ak resous yo. Yo ankouraje piblik la pou swiv chèn medya sosyal yo pandan tout mwa a pou yo rete enfòme sou aksyon yo ka pran pou adrese ensekirite alimantè nan kominote nou yo. Aprann plis bagay sou efò ak priyorite Foodlink pou Mwa Aksyon kont Lafen an, ansanm ak kijan ou ka ede.
- **Bank Alimantè pou Vil Nouyòk (Food Bank for NYC)** ap ofri plizyè fason pou manm kominote yo ka ede lòt moun epi sipòte misyon òganizasyon an nan tout Vil Nouyòk. Pandan tout mwa septanm nan, ou ka chèche Food Bank For NYC an aksyon nan senk awondisman yo, k ap distribye manje, sipòte rezo patnè kominotè yo a, epi sansibilize moun sou ensekirite alimantè lè w suiv chèn medya sosyal yo pou w rete enfòme sou evènman k ap vini yo ak aksyon ou ka pran pou adrese ensekirite alimantè a. Aprann plis bagay sou sitwèb Bank Alimantè pou Vil Nouyòk la.

Bank alimantè yo ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo abiye an oranj nan Jounen Aksyon kont Lafen an epi poste sou rezo sosyal yo pou sansibilize sou kòz la.

Konsènan Mwa Aksyon Kont Lafen an
Depi lontan Eta Nouyòk te angaje li nan batay kont lafen an. Dapre yon rapò ki soti nan Biwo Kontwolè Eta a (Office of the State Comptroller), ant 2019 ak 2021, apeprè 10 pousan Nouyòkè, oswa anviwon 800,000 fwaye, te fè eksperyans ensekirite alimantè

epi yo te lite ak zafè aksesibilite manje. Selebre chak ane nan mwa septanm nan, Mwa Aksyon kont Lafen an gen pou objaktif pou sansibilize moun sou ensekirite alimantè epi ankouraje moun pou yo patisipe nan lit kont Lafen an. Nou ankouraje Nouyòkè yo kontakte bank alimantè lokal yo a nan feedingnys.org/our-member-food-banks/pou yo jwenn fason pou yo enplike nan Mwa Aksyon kont Lafen an epi ede kominote lokal yo a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU